



PARAN NOU BEZWEN KONTRIBISYON OU



Paran ak moun k ap bay swen yo konnen sa ki pi bon pou timoun yo epi yo tout konprann pwoblèm ki gen pou wè ak gadri twò byen. Nou vle tande dirèkteman nan bouch ou pwoblèm ou rankontre epi, sa ki pi enpòtan an, ki solisyon ou panse ki ta kapab amelyore sistèm nou an!

- Vini jwenn OEC a pandan yon pwochen seyans vityèl pou pataje lide an piblik.
- Ap genyen senk (5) seyans k ap fèt nan mwa me, jen, jiyè, ak novanm.
- Pou w konnen dat ak detay yo, tanpri ale sou:
www.ctoec.org/blue-ribbon-panel-on-child-care/meetings/



**Kontribisyon w enpòtan pou nou – mèsi paske ou bay kout
men pou rann sistèm gadri nou an pi efikas toujou!**

Aprann Plis Sou Panèl Blue Ribbon



Se Dekrè Gouvènè Ned Lamont la ki mete Blue Ribbon Panel on Child Care (Gwoup Ekspè nan Gadri) sou pye. Panèl sa a se yon gwoup moun ki responsab pou elabore yon plan estratejik pou yon sistèm gadri ki itil fanmi yo, pwofesyonèl swen sante yo, ak ekonomi Connecticut la.

Objektif la

Devlope yon sistèm ekitab, kalite siperyè, epi dirab ki asire chak timoun genyen yon bon baz edikatif ki pral prepare yo pou yo grandi, aprann, epi reyisi.



Connecticut Office
of Early Childhood